

13 Mas 2020

Nou swete ou pran swen tèt ou epi repoze ou pandan vakans prentan an

Chè kominote Inivèsite Maryland,

Mwen vle swete elèv k ap pati pou vakans prentan lòt semèn yo epi pou pwofesè ak lòt manm pèsònèl ki pral gen detwa jou vakans yo byen merite yo pran swen tèt nou epi pase yon bon vakans.

Mwen vle mande tout moun pou yo kontinye suiv [konsèy prevansyon CDC](#) pou sante ak sekirite nou yo.

Pandan vakans prentan an ak apre sa, Inivèsite a pral rete an kontak avèk ofisyèl sante piblik eta ak lokal yo, epi ak Sistèm Inivèsite Maryland lan, pou dènye konsèy ak enfòmasyon yo. Tanpri kontinye tcheke umd.edu/virusinfo ak tout kominikasyon Inivèsite pou dènye nouvèl sou kowonaviris nan Eta nou an ak tranzisyon nou nan yon anviwònman sou entènèt pou aprann ak travay.

Pa gen ka enfeksyon COVID-19 ki konfime nan kanpis nou an. Si gen yon ka konfime, pwotokòl la se pou ofisyèl sante piblik eta a ak lokal yo enfòmè Direktè Sant Sante Inivèsite nou an. Apresa, Inivèsite a pral kominike enfòmasyon sa a san pèdi tan nan tout kominote nou an.

Mwen remèsye tout administratè, Rektè, pwofesè ak manm pèsònèl Inivèsite a k ap travay avèk dilijans pou fè tranzisyon nan yon anviwònman aprantisaj ak travay san grate tèt mezi li posib. Mwen remèsye ekip etid aletranje k ap travay lajounen kou lanuit pou ede etidyan UMD k ap etidye aletranje yo - 396 nan lewòp epi 114 nan lòt peyi - pou retounen lakay yo sennesòf epi rapid. Nou regrèt eksperyans aprantisaj yo te koupe avan lè. Epi nou remèsye manm pèsònèl Zafè Etidyan an ak Ekip Repons Ensidan UMD an ki t ap travay san rete nan semèn ki sot pase yo.

Kè mwen fè mwen mal pou atlèt Terp yo, sitou sa ki nan dènye ane yo, ki pa pral ka patisipe nan Big Ten ak chanpyona NCAA ivè/prentan an. Yon gwo kout chapo poutèt patisipasyon nou nan bagay pou kwape pandemik sa a.

Nou tout gen yon devwa sivik ak yon responsablite kolektif pou anpeche viris sa a pwopaje. Alavni, nou pral oblije adapte nou ak nouvo reyalitye ki bloke entèraksyon sosyal nou chak jou Nou simonte gwo defi deja epi, n ap travay ansanm, pou simonte lòt defi ankò.

Ak tout senserite,

Wallace D. Loh

Prezidan, University of Maryland